

**Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach**  
**Pwogram Tranzisyon pou Elèv 18 a 22 an**  
**\*Direktiv ak Aplikasyon**

**Pwosesis Aplikasyon an Enkli machasuiv sa yo:**

1. Elèv avèk Paran an (yo) revize Kritè Pwogram Elijiblite ak Apèsi Jeneral (*Program Eligibility Criteria and Program Overvie*) ki atache a.
2. Elèv avèk paran an (yo) ta dwe vizite pwogram tranzisyon an pou obsève kilti a epi rankontre enstriktè a avan li (yo) ranpli aplikasyon pou pwogram tranzisyon an.
3. **Elèv ak paran an (yo) mande ekip IEP a yon reyinyon pou konsidere Kritè Elijiblite Pwogram epi konplete Fòm Aplikasyon pou Elijiblite Ekip IEP a yo dwe soumèt ansanm ak aplikasyon an.**
4. **Aplikasyon ki konplete avèk dokiman sipò yo dwe rive avan oswa nan dat 31 janvye 2022.**

**Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach**  
**Kerry Rawn, Planifikatè Pwogram Segondè ESE**  
**3378 Forest Hill Blvd, A-203**  
**West Palm Beach, FL 33406**  
**Phone: 561-434-8367**  
[kerry.rawn@palmbeachschools.org](mailto:kerry.rawn@palmbeachschools.org)

5. Y ap kontakte tout elèv ki satisfè kondisyon elijiblite dapre dokiman aplikasyon yo te soumèt pou yo ba yo yon randevou pou Aktivite Preparasyon (*Readiness Activities*) yo. Yo swete pwograme aktivite yo nan dat espesifik pou fen mwa fevriye 2022. Yo p ap pwograme okenn lòt jou. Y ap bay elèv ki elijib yo detay pou patisipe nan Jou Aktivite Preparasyon yo (*Readiness Activity Days*). Patisipasyon nan "*Readiness Activities*" pa garanti y ap aksepte aplikan an nan pwogram Tranzisyon an.
6. Y ap bay elèv yo rezilta sou "*Readiness Activities*" yo nan semèn 28 mas 2022. Y ap pwograme yon reyinyon IEP si sa nesèsè.

**Tanpri, tape oswa ekri aplikasyon an ak plim, an lèt detache.** Elèv la kapab ranpli aplikasyon an poukont li oswa avèk èd. Komite Seleksyon an kapab kontakte aplikan an, paran/responsab la, konseye akademik la, pwofesè oswa anlwayè pou jwenn lòt enfòmasyon.

Lis sa ki nesèsè nan aplikasyon an

- Pake Aplikasyon ki ranpli a**
- Ribrik Aplikasyon Ekip IEP a**
- Plan Edikasyon Endividyèl Aktyèl (IEP) ki enkli objektif tranzisyon an**
- Evalyasyon Vokasyonèl (si li disponib)**

**TANPRI NOTE : OU DWE KONLETE TOUT DOKIMAN OBLIGATWA YO EPI VOYE YO AVÈK APLIKASYON AN POU YO KAPAB KONSIDERE YO.** Paske ou voye aplikasyon an, sa pa vle di se yon garanti y ap aksepte ou nan pwogram Tranzisyon an.

*Y ap kenbe tout enfòmasyon ki nan aplikasyon an konfidansyèl.*

Dokimantasyon Parantal Tribinal (*Court Guardianship Documentation*) Ou dwe soumèt (si sa aplikab) lè yo fin aksepte w nan pwogram nan.

Ou dwe prezante ID foto gouvènman bay ak Kat Sekirite Sosyal/Otorizasyon Travay lè yo aksepte w nan pwogram nan.

**Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach  
Pwogram Tranzisyon pou Elèv 18 a 22 an  
Kritè Elijiblite**

Pou yo konsidere yon elèv nan pwogram Tranzisyon an, li dwe:

- Se yon Elèv Edikasyon Espesyal ki gen yon *IEP* kote yo te ofri li sèvis tranzisyon, li te ranpli kondisyon pou gradyasyon (avèk diplòm Espesyal oswa yon Diplòm Estanda ki te ajoune- oswa retade), epi li abite nan zòn Distri Lekòl Rejyon Palm Beach.
- Gen ant 18 a 21 an.
- Demontre li kapab konpòte l yon fason ki responsab nan anviwònman sosyal, prive, ak/oswa pèsònèl san pa gen manm estaf k ap ede l. Egzèsè konpòtman sosyal responsab san yo p ap siveye li.
- Genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl Tranzisyon (*Transition Individual Education Plan*) (TIEP), avèk anlwa peye kòm yon objektif/dezi elèv.
- Motive pou travay ak devlope aptitud akademik/pwofesyonèl ki nesèsè pou anlwa ki peye.
- Endepandan sou kesyon ijyèn pèsònèl, twalèt, abiye ak mete rad ki apwopriye pou lekòl oswa pou travay.
- Genyen abilte, fizikman oswa avèk ekipman espesyal, pou deplase soti nan yon kote ale nan yon lòt san èd manm estaf oswa sipèvizyon.
- Genyen abilte, fizikman oswa avèk ekipman espesyal, pou l manje poukont li.
- Montre yon fason li kapab kominike pou kont li epi li kapab bay non li/enfòmasyon kontak nan ka ijan sou yon fòm etranje kapab konprann.
- Fonksyone pou kont li san sipèvizyon yon lòt moun nan tout anviwònman; transpò enkli.
- Fonksyone san resevwa sèvis terapetik/oswa sante mantal pandan tan li nan pwogram nan.
- Montre li kapab pran medikaman poukont li, jan yo preskri yo, jan sa nesèsè.
- Prezan epi ponktyèl nan lekòl, toutan.
- Montre li kapab epi li vle itilize transpò poukont li pou ale ak soti nan sit (lye/plas) pwogram yo.
- Genyen abilte pou travèse lari nan gwo entèksyon yo an sekirite san pa gen sipèvizyon oswa lòt moun pou ede l.
- Posede yon ID eta a ak Kat Sekirite Sosyal oswa Otorizasyon Travay pou l kapab resevwa anlwa avan oswa nan dat anwòlman nan yon pwogram.
- Kapab pase yon "*background check*" oswa tè dwòg jan yon anlwayè potansyèl mande.

**Lokal Aktyèl Pwogram nan**

Boynton Beach- Lois Layman 561-707-5957  
Delray Beach- Natalie Maloney 561-248-0608  
Lake Worth- Patricia Beck 561-248-9665  
Palm Beach Gardens- Danielle Morris 561-209-4344  
Royal Palm Beach- Brandon Keene 561-800-7927  
West Palm Beach- Jim Proctor 561-352-7985

Si ou enterese aplike pou Pwogram Tranzisyon an, tanpri, kontakte youn nan pwofesè pwogram ki nan lis pi wo a pou pran yon randevou.

**Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach  
Pwogram Tranzisyon pou Elèv 18 a 22 an  
Prezantasyon Pwogram nou**

**Misyon**

Pwogram Tranzisyon an bay elèv yo yon opòtinite pou kominike ak kamarad klas yo atravè aktivite edikatif tranzisyon an, antrènman pou travay ak aktivite ki entegre nan yon anviwònman ki apwopriye pou laj yo pandan y ap travay nan objektif pou jwenn travay ki pwofitab ak endepandans kominotè.

**Objektif Pwogram pou Elèv yo**

- Ogmante Nivo Endepandans
- Vin manm entegral k ap kontribye nan kominote lokal yo
- Devlope abilitè pou jwenn anplwa konpetitif nan domèn yo chwazi a
- Prepare pou reyaji kòrèkteman avèk kamarad ki nan menm laj ak yo
- Ogmante konpòtman sosyal ak kominikasyon nan tout anviwònman
- Amelyore konpetans pou otodetèminasyon
- Ogmante nivo konfyans nan tèt yo
- Devlope enterè pou tan lwazi ak rekreyasyon ki koresponn ak laj yo
- Chèche sipò ajans pou sèvis adilt avan yo soti nan pwogram nan

***Eksperyans nan Travay:***

- **Trening djòb san salè:** Estaf Distri lekòl ak sipèvizè nan travay ap ede elèv yo eksplòre karyè epi bayo trening nan diferan sit travay tankou, men pa sèlman, antretyen, travay biwo oswa sèvis manje
- **Eksperyans Travay anba sipèvizyon:** Y ap bay elèv yo opòtinite pou travay anba sipèvizyon nan domèn travay ki enterese yo.
- **Anplwa Konpetitif:** Manm Estaf Tranzisyon Distri a ak/oswa ajans adilt pral gide elèv pou yo jwenn travay konpetitif aprè eksperyans nan a. Y ap bayo trening pou travay jan sa nesesè.

***Enstriksyon:***

- Elèv yo ap resevwa enstriksyon nan domèn kourikoulòm sou konpetans pou lavi toulejou.
- Y ap ofri enstriksyon nan diferan domèn yo deziye pou pwogram nan, nan kominote a.
- Enstriktè, Antrenè pou Travay, lòt manm estaf distri a, ansanm ak sipèvizè ki nan chantye travay yo, travay an kolaborasyon pou ofri trening pou djòb nan diferan sit travay, an wotasyon

***Oryantasyon ak Asimilasyon Patisipasyon Kominotè:***

- Elèv yo ap entèraji ak kamarad ki nan menm laj ak yo nan aktivite rekreyatif ak travay.
- Elèv yo ak fanmi yo ap konekte ak lòt ajans deyò.
- Elèv yo ap patisipe nan Fòmasyon ki bazenan Kominote a pou gen aksè nan aktivite sosyal ak lwazi/aktivite rekreyatif nan kominote a.
- Elèv yo ap resevwa sipò nan lòt pwogram Distri lekòl la ak estaf kourikoulòm jan sa nesesè.

***Domèn Kourikoulòm ki Baze sou Bezwen Elèv Endividyèl Kapab Enkli:***

Oto-Detèminasyon ak Oto-Defans  
Abilite pou Anplwa  
Konesans Finansye  
Abilite Fonksyonèl  
Abilite Esansyèl pou Lavi toulejou

Konpitè ak Teknoloji  
Eksplorasyon Karyè  
Trening sou Sistèm Transpò Piblik  
Abilite sosyal ak Kominikasyon Entèpèsone  
Oryantasyon ak Asimilasyon nan Aktivite Kominotè yo

**Depatman Edikasyon Elèv Eksepsyonèl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach  
Pwogram Tranzisyon pou Elèv 18 a 22 an**

**ENFÒMASYON PÈSONÈL:**

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_  Gason  Fi  
 Siyati Prenon Inisyal dezyèm non

Lekòl Aktyèl: \_\_\_\_\_ Student # \_\_\_\_\_ Ane Gradyasyon: \_\_\_\_

Adrès kay: \_\_\_\_\_  
 Non Ri a Vil Kod Postal

Non Paran/Responsab: \_\_\_\_\_

Adrès (si l diferan ak pa Elèv la) \_\_\_\_\_  
 Non Ri a Vil Kod Postal

Imèl Elèv: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn Elèv \_\_\_\_\_

Imèl Paran/Responsab: \_\_\_\_\_ Telefòn Paran/Responsab: \_\_\_\_\_

Lòt Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

**DWA LEGAL ELÈV LA:**

Elèv la pran pwòp desizyon legal li  Se paran an ki responsab oswa ki reprezante elèv la (**Ou dwe prezante dokiman tribinal lè y aksepte w nan pwogram lan**)

**TRANSPÒ AK FÒM IDANTIFIKASYON:**

Kòman ou planifye pou vini nan Pwogram Tranzisyon an?

Palm Tran  Palm Tran Connection  Paran (oswa fanm fanmi)  Kondui pou kont mwen  
 Mwen aplike pou Palm Tran Connection (Yo poko apwouve li) \_\_\_\_\_  
 Dat

Tcheke ki kalite idantifikasyon ak otorizasyon travay ou genyen pou w bay anplwayè potansyèl ou a:

Kat Idantifikasyon Eta Florid  Lisans Pèmi pou Kondui nan Eta Florid  
 Lisans Chofè Eta Florid  Mwen pa gen yon kat idantifikasyon Florid ki gen Foto  
 Kat Sekirite Sosyal/ Otorizasyon Travay  Mwen pa gen yon kat SS oswa Otorizasyon Travay

**AJANS KI OFRI SÈVIS:**

Èske ou kalifye pou resevwa sèvis nanmen Ajans ki bay Moun ki gen Andikap sèvis?

Wi  Non  Pa t aplike Sou lisdatant

Non Kowòdonatè/tris Sipò a \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn \_\_\_\_\_

Èske ou se yon kliyan Reyabilitasyon Vokasyonèl?

Wi  Non  Pa t aplike Sou lisdatant

Non Konseye VR: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn \_\_\_\_\_

**VIV ENDEPANDAN AK SWEN SANTE:**

Medikaman	Dòz	Ki Lè nan Jounen an	Elèv la kapab pran medikaman poukont li?

**REZIME SOU KONPÒTMAN:**

1) Nan ane pase a, èske yo te pran sanksyon kont ou paske w te mal konpòte w nan lekòl la?  Wi  Non

Si wi, eksplike:

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

2) Èske yo te janm kondane w ak/oswa gen akizasyon konsènan ofans kriminel kont ou?  Wi  Non

Si wi, eksplike:

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**EKSPERYANS TRAVAY:**

Montre yon lis eksperyans travay ou fè nan lekòl oswa nan kominote a. Gen lòt espas ki disponib pou w itilize nan paj aprè a, si sa nesèsè.

Anplwayè: \_\_\_\_\_

Tit Djòb \_\_\_\_\_  Peye  San Peye

Dat: (mwa/ane) soti \_\_\_\_\_ rive \_\_\_\_\_

Kalite Travay:

1.) \_\_\_\_\_

2.) \_\_\_\_\_

3.) \_\_\_\_\_

4.) \_\_\_\_\_

Non Sipèvizè: : \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Anplwayè: \_\_\_\_\_

Tit Djòb \_\_\_\_\_  Peye  San Peye

Dat: (mwa/ane) soti \_\_\_\_\_ rive \_\_\_\_\_

Kalite Travay:

1.) \_\_\_\_\_

2.) \_\_\_\_\_

3.) \_\_\_\_\_

4.) \_\_\_\_\_

Non Sipèvizè: : \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Anplwayè: \_\_\_\_\_

Tit Djòb \_\_\_\_\_  Peye  San Peye

Dat: (mwa/ane) soti \_\_\_\_\_ rive \_\_\_\_\_

Kalite Travay:

1.) \_\_\_\_\_

2.) \_\_\_\_\_

3.) \_\_\_\_\_

4.) \_\_\_\_\_

Non Sipèvizè: : \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Èske ou planifye pou w travay pandan ane akademik la, kòm ou nan Pwogram lan ?  Wi  Non

Si wi, ki kote? \_\_\_\_\_ Konbyen jou/èdtan? \_\_\_\_\_

Èske yo te janm revoke w oswa ou te kite yon travay?  Wi  Non

Si wi, tanpri eksplike: \_\_\_\_\_

Èske yo te janm revoke w oswa ou te kite yon travay?  Wi  Non

Si wi, tanpri eksplike: \_\_\_\_\_

Èske w renmen travay anndan oswa deyò? \_\_\_\_\_ Èske w renmen travay pou kont ou oswa ak lòt moun? \_\_\_\_\_ Èske w renmen travay nan kay? \_\_\_\_\_ Ki kalite djòb ou fè nan kay?

Èske w renmen travay ak men w ak konstwi bagay? \_\_\_\_\_

Èske w panse ou ta renmen travay nan yon biwo? \_\_\_\_\_

Èske gen yon djòb espesyal ou panse ou kapab fè l byen? \_\_\_\_\_

Èske w genyen yon telefòn selilè? \_\_\_\_\_ Èske w voye tèks mesaj? \_\_\_\_\_ Èske w itilize konpitè ak voye Imèl? \_\_\_\_\_ Èske w itilize medya sosyal tankou Facebook, Twitter oswa Snapchat? Tanpri, fè lis tout

Ki objektif ou gen pou karyè/anplwa aprè ou fin konplete yon Pwogram Tranzisyon?

Aplentan  Atanpasyèl

Mwen ta renmen travay nan \_\_\_\_\_ domèn pwofesyonèl.

Mwen ta renmen travay kòm \_\_\_\_\_.

**OBJEKTIF AK ENTERÈ ELÈV LA**

Ekri de (2) nan objektif ou genyen alavni nan chak domèn sa yo:

**Akademik/Edikasyon:**

\_\_\_\_\_

**Karyè/Travay:**

\_\_\_\_\_

**Sosyal/Pèsonèl:**

\_\_\_\_\_

Tanpri, fè tout efò pou reponn kesyon sa yo. Repons yo dwe brèf. Yo kapab itilize enfòmasyon ou bay yo lè w ap fè entèvyou. Pale sou nenpòt aktivite, lwazi, ak/oswa gwoup (paegzanp, sosyal, volontè, òganizasyon sivik) ou patisipe ladan yo.

Èske w gen okenn lwazi espesyal oswa pwojè ou renmen fè lakay ou ?

\_\_\_\_\_

Ki aktivite ou fè pou amize w ? (paegzanp, sosyal, volontè, oswa patisipasyon nan òganizasyon sivik)

\_\_\_\_\_

Tanpri, dekri pwen fò akademik ou, enterè ak domèn kote ou bezwen amelyorasyon.

\_\_\_\_\_

Ki fason w panse ou aprann pi byen epi poukisa? (Ti gwoup, tan siplemantè, elatr.)

\_\_\_\_\_

Èske w pase tan ak zanmi lè ou pa lekòl la? Wi Non

\_\_\_\_\_

Poukisa ou ta renmen patisipe nan youn nan pwogram tranzisyon yo?

---



---



---

Ekri kèk sijè ou ta renmen aprann plis sou yo.

---



---

**METE NON TWA (3) PWOSESÈ AKTYÈL POU REFERANS:**

Lekòl	Non	Nimewo Telefòn	Adrès Imèl	Matyè

N ap kontakte pwofesè aktyèl ou pou yon referans.

Lè mwen soumèt aplikasyon m nan ki tou siyen:

- Mwen bay konsantman m pou patisipe nan pwosesis “*Readiness Activities*” yo.
- Mwen bay konsantman m pou yo kontakte pwofesè m yo pou referans.
- Mwen konnen m ap bezwen pase yon verifikasyon “*background*” avan anplwa oswa tès dwòg dapre jan kèk anplwayè potansyèl mande li.
- Mwen konnen mwen dwe prezante yon Kat Sekirite Sosyal ak ID ki gen foto/oswa Otorizasyon travay lè m ap antre nan yon pwogram pou mwen kapab jwenn travay.
- Mwen sètifye tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a se verite epi konplè nan limit konesans epi konprann; nenpòt fo deklarasyon oswa omisyon kapab lakoz yo refize aplikasyon oswa enskripsyon mwen an.

\_\_\_\_\_  
**Siyati Aplikan an** **Dat**

\_\_\_\_\_  
**Siyati Paran/Responsab** **Dat**

Se moun anba la a ki ranpli aplikasyon an (si se pa aplikan an):

---

Non	Tit	Nimewo Telefòn
-----	-----	----------------

---



Siyati

Dat

**NÒT:** Pandan ou nan pwosesis “*Readiness Activities*” a, prepare w pou diskite sou:

- Sa ou te aprann nan lekòl
- Sa ou fè kòm amizman
- Responsablite ou genyen lakay ou
- Eksperyans travay
- Sa ou fè nan kominote a
- Objektif Karyè
- Teknik travay ou ta renmen aprann
- Sa ou bezwen aprann pou w kapab pi endepandan

## Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

### Non-Discrimination Statement

The School Board of Palm Beach County, Florida, prohibits discrimination in admission to or access to, or employment in its programs and activities, on the basis of race, color, national origin, sex or sexual orientation, marital status, age, religion, disability, genetic information, gender identity or expression, or any other characteristic prohibited by law. The School Board also provides equal access to the Boy Scouts and other designated youth groups.

### Spanish

#### Comunicado sobre la No-Discriminacion

El Distrito Escolar del Condado de Palm Beach prohíbe la discriminación en la admisión, acceso o empleo en sus programas y actividades basándose en la raza, color, nacionalidad, sexo u orientación sexual, estado civil, edad, religión, discapacidad, información genética, identidad o expresión del género o cualquier otra característica prohibida por la ley. La Junta Escolar también provee acceso equitativo a Boy Scouts y a otros grupos juveniles designados.

### Creole

#### Deklarasyon Kont Diskriminasyon

Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, Florid, entèdi diskriminasyon pandan admisyon oswa pou gen aksè, oswa travay nan pwogram ak aktivite li yo, sou baz ras, koulè, nasyonalitye, sèks oswa oryantasyon seksyèl, kondisyon matrimonyal, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, ekspresyon oswa idantite seksyèl, oswa nenpòt lòt karakteristik lalwa entèdi. Komite Dirijan Distri Lekòl la bay aksè egalego nan òganizasyon (*Boy Scout*) Eskout pou ti gason yo ak lòt kalite gwoup jèn moun yo deziye yo.